

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina kahirupan sapopoé, manusa tara leupas tina prosés komunikasi. Salah sahiji alat pikeun komunikasi nya éta basa. Unggal wewengkon pasti miboga basana séwang-séwangan sabab basa mangrupa ciri has jeung idéntitas hiji wewengkon. Unggal basa tangtu miboga aturan anu tangtu. Tapi, unggal basa dina enas-enasna pasti miboga fungsi pikeun alat komunikasi. Kitu deui di wewengkon Jawa Barat, aya hiji basa anu jadi basa resmi di wewengkonna atawa anu sok disebut basa indungna nya éta basa Sunda. Dina prak-prakanana, basa aya anu sacara lisan jeung sacara tulisan. Basa Sunda nya éta alat komunikasi anu utamana pikeun ngayakeun hubungan atawa kontak silaturahmi antara sasama manusa.

Basa Sunda mangrupa basa indung pikeun urang Sunda, boh anu mangkuk di Jawa Barat boh di saluareunana (Sudaryat, 2009:1). Basa Sunda anu dipaké ku individu panyatur éta basa mangrupa salah sahiji conto pribadi anu makéna. Dina basa Sunda aya anu disebut undak usuk basa. Undak usuk basa Sunda (UUBS) dina enas-enasna digunakeun pikeun ngabédakeun saha anu diajak nyarita sarta nepi ka mana caritaanna bisa kacangkem ku dipakéna undak usuk basa. Upama dipatalikeun jeung fungsi basa salaku alat komunikasi, tangtuna UUBS miboga kalungguhan anu kalintang penting dina kahirupan sapopoé alatan dina nyarita boh ka saluhureun boh ka sahandapeun atawa ka sasama tangtu basa anu dipaké kudu bisa diwilah-wilah.

Lingkungan anu pangleutikna jeung anu munggaran mangaruhan manusa dina hirup kumbuh di masarakat nya éta kulawarga. Kulawarga saeutikna diwangun ku bapa, indung jeung budakna. Salah sahiji hal anu dipangaruhan ku kulawarga nya éta dina makéna basa. Basa anu mimiti dipaké ku budak gumantung kana basa anu diajarkeun ku indung jeung bapana. Ku kituna,

Mia Tresnawati, 2013

Pengaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa sunda siswa Smp Negeri 1 Katapang

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kulawarga mangrupa lingkungan anu munggaran mangaruhan budak dina makéna basa.

Dina enas-enasna basa indung mangrupa basa anu mimiti diajarkeun ku nu jadi indung ka budakna sarta mangrupa basa anu digunakeun di kulawarga. Ku kituna, basa indung mah lumangsungna téh sacara alami. Kuduna mah kabéh indung nu hirup kumbuh di Jawa Barat, utamana di tatar Parahiyangan, ngajarkeun basa indung ka budakna téh nya éta basa Sunda. Tapi, dina kanyataanana loba indung anu ngajarkeun basa indungna téh lain basa Sunda sanajan manéhna pituin urang Sunda. Hal éta téh loba faktor nu ngalantarankeunana. Di antarana waé nya éta si indung éta téh geus teu cicing deui di lingkungan Sunda, ngarasa éra ngajarkeun budakna basa Sunda, jrrd. Sacara teu langsung bisa disebutkeun yén basa indung basa Sunda jeung UUBS téh méh pada ditinggalkeun ku pamakéna. Tangtu hal éta téh kudu ditarékahan.

Siswa anu sapopoéna maké basa indungna basa Sunda tinangtu waé moal bireuk deui ka nu ngaranna UUBS. Sanajan teu bisa ngalarapkeunana tapi sahenteuna siswa bakal nyaho mana basa Sunda anu merenah undak usuk basa Sundana mana anu henteu. Sedengkeun siswa anu basa indungna lain basa Sunda alatan lain pituin urang Sunda atawa teu diwanohkeun kana basa Sunda ku kolotna, maranéhna bakal hésé jeung pabaliut dina ngabédakeun basa Sunda anu merenah undak usuk basa Sundana jeung anu henteu. Ku sabab, maranéhna teu ngarasa aya basa rasa anu nyamuni dina UUBS.

Ku lantaran UUBS masih jadi bagéan penting tina pangajaran basa Sunda, tur aya anggapan anu kacida ngarendahkeunana ka sing sakur anu henteu bener ngalarapkeun undak usuk, nya réa anu horéam atawa “sieun” nyarita atawa nulis dina basa Sunda, da anggapanana basa Sunda téh “hésé” (Rosidi, 2007:80). Ku kituna, teu saeutik masarakat Sunda anu mending maké basa Indonesia ti batan maké basa Sunda anu merenah undak usuk basa Sundana lantaran dianggap hésé téa. Padahal dina saenyana mah lain UUBS anu hésé téh, tapi pamaké basa Sundana sorangan anu geus hésé maké basana sorangan, nya basa Sunda téa.

Mia Tresnawati, 2013

Pengaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa sunda siswa Smp Negeri 1 Katapang

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Aya sababaraha nu kungsi maluruh jeung medar ngeunaan UUBS katut unak-anikna. Di antarana waé nya éta “*Korelasi antara Pangaweruh jeung Kamampuh Ngagunakeun UUBS Mahasiswa JPBD UPI*” (Eka Rubaidah), “*Korelasi antara Sikep jeung Kamampuh Ngagunakeun UUBS Mahasiswa JPBD UPI*” (Imas Rahmawati), “*Kecap-kecap anu Dianggap Sulit dina Ngagunakeun UUBS ka Mahasiswa JPBD UPI*” (Lilis Rosmiati), “*Korelasi antara Kasang Tukang jeung Kamampuh Ngagunakeun UUBS Mahasiswa JPBD UPI*” (Hernawan, 1987), “*Tingkat Kesulitan UUBS Siswa Kelas II SMPN 3 Lembang Mangaruhan kana Kamampuh Ngagunakeunana*” (Farida, 2001), “*Babandingan Tehnik Ceramah jeung Tehnik Latihan dina Ngajarkeun UUBS di SMP 1 Baleendah*” (Jumiarti Gustiadinigrum, 2001), “*Kamampuh Ngalarapkeun UUBS dina Ngarang Naskah Drama Siswa SMPN 1 Ibum, Majalaya*” (Erlin Darlina, 2002), “*Kamampuh Ngalarapkeun Tatakrama Basa Sunda dina Nulis Surat Pribadi Siswa SMA Pasundan 8 Bandung*” (Witri Ermawati, 2007), “*Pangaruh Makéna Basa Indung di Lingkungan Kulawarga kana Prestasi Diajar Nyarita Basa Sunda Siswa Kelas XI SMA Pasundan 3 Bandung*” (Fuji Arti Nugraha, 2008), “*Kamampuh Ngalarapkeun Undak Usuk Basa Sunda dina Nulis Surat Pribadi Siswa Kelas IX SMP Negeri 2 Cikoneng*” (Yoyo Warsio, 2009), “*Pangaruh Basa Indung kana Karakteristik Siswa SMP Negeri 1 Cisarua (Studi Kasus Siswa Kelas VIII SMP Negeri 1 Cisarua Bogor)*” (Ana Ratna Komala, 2009), jeung “*Kamampuh Ngalarapkeun Undak Usuk Basa Sunda dina Wacana Dialog Siswa Kelas X MA Al-Bidayah Batujajar Kabupaten Bandung Barat*” (Ratih Nispusobariah, 2011).

Basa Sunda anu kiwari dipaké ku siswa nya éta basa Sunda anu diseselan ku kekecapan anu aya kecap sasatoaanna. Salian ti éta, siswa ogé loba anu salah ngalarapkeun kekecapan anu kuduna digunakeun keur sorangan jeung keur ka batur. Hal éta téh tangtu teu luyu jeung UUBS anu merenah.

Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan anu judulna “*Pangaruh Basa di Kulawarga kana Kamampuh Ngalarapkeun Undak Usuk Basa Sunda Siswa SMP*”

Mia Tresnawati, 2013

Pangaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa sunda siswa Smp Negeri 1 Katapang

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Negeri 1 Katapang”. Sabab basa di kulawarga (basa indung) mangrupa basa anu mimiti dipikawanoh ku siswa salila hirupna. Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep bisa méré jawaban ngeunaan kumaha pangaruhna basa di kulawarga nu mangrupa basa indung anu masih dipaké ku barudak sakola kana larapna UUBS. Saupama basa indungna masih dipaké, undak usuk basa Sundana ogé tinangtu bakal katingali.

1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Identifikasi Masalah

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha masalah anu diidentifikasi di antarana saperti ieu di handap.

- 1) Jumlah pamaké basa Sunda salaku basa di kulawarga siswa kelas IX SMP Negeri 1 Katapang.
- 2) Kamampuh siswa kelas IX SMP Negeri 1 Katapang dina ngalarapkeun UUBS nu merenah.
- 3) Pangaruh digunakeun henteuna basa Sunda di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun UUBS siswa kelas IX SMP Negeri 1 Katapang.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana identifikasi masalah anu geus dipedar, masalah anu baris ditalungtik di antarana saperti ieu di handap.

- 1) Basa naon waé anu digunakeun di lingkungan kulawarga siswa kelas IX SMP Negeri 1 Katapang?
- 2) Kumaha kamampuh ngalarapkeun UUBS siswa kelas IX SMP Negeri 1 Katapang?
- 3) Kumaha pangaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun UUBS siswa kelas IX SMP Negeri 1 Katapang?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Mia Tresnawati, 2013

Pengaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa sunda siswa Smp Negeri 1 Katapang

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana rumusan masalah anu geus dipedar, sacara umum dilaksanakeun ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun pangaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun UUBS siswa. Tujuan séjénna nya éta pikeun nambahan référénsi ngeunaan pangaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun UUBS siswa SMP anu bisa dilaksanakeun di sakola-sakola utamana dina pangajaran basa.

1.3.2 Tujuan Khusus

Dumasar rumusan masalah anu geus dipedar, sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun hal-hal saperti ieu di handap.

- 1) Basa anu digunakeun di lingkungan kulawarga siswa kelas IX SMP Negeri 1 Katapang.
- 2) Kamampuh ngalarapkeun UUBS siswa kelas IX SMP Negeri 1 Katapang.
- 3) Pangaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun UUBS siswa kelas IX SMP Negeri 1 Katapang.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan téh miboga mangpaat pikeun nambahan aplikasi matéri undak usuk basa dina pangajaran basa jeung sastra Sunda, sarta ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré sumbangsih pikeun élmu pangaweruh utamana dina ngamekarkeun pangaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun UUBS siswa SMP kelas IX heureutna mah, sarta kamampuh ngagunakeun basa Sunda anu merenah legana mah.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mia Tresnawati, 2013

Pengaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa sunda siswa Smp Negeri 1 Katapang

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat saperti ieu di handap.

1) Guru

- (1) Mikanyaho nepi ka mana pangaruh basa di kulawarga kana pangaweruh siswa ngeunaan basa Sunda.
- (2) Mikanyaho nepi ka mana pangaruh basa di kulawarga kana kamampuh siswa dina ngalarapkeun basa Sunda.
- (3) Mikanyaho nepi ka mana pangaruh basa di kulawarga kana pangaweruh siswa ngeunaan UUBS.
- (4) Mikanyaho nepi ka mana pangaruh basa di kulawarga kana kamampuh siswa dina ngalarapkeun UUBS.

2) Siswa

- (1) Nambahan pangaweruh ngeunaan basa Sunda.
- (2) Nambahan pangaweruh ngeunaan UUBS.
- (3) Mahér tur tapis dina ngalarapkeun UUBS.

3) Lembaga

- (1) Pikeun ngamekarkeun pangajaran dina widang kabasaan ngeunaan UUBS.
- (2) Muka wawasan élmu pangaweruh anu leuwih jembar ngeunaan UUBS.

1.5 Sistematika Nyusun Skripsi

Ieu hasil panalungtikan disusun dina lima bab. Bab I mangrupa bagéan mimiti tina skripsi anu eusina medar ngeunaan bubuka. Bubuka eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, identifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika nyusun skripsi.

Bab II medar ngeunaan tiori anu patali jeung judul panalungtikan “Pengaruh Basa di Kulawarga kana Kamampuh Ngalarapkeun Undak Usuk Basa

Mia Tresnawati, 2013

Pengaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa sunda siswa Smp Negeri 1 Katapang

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sunda” minangka dadasar dilakukeunna panalungtikan, anu ngawengku basa di kulawarga, undak usuk basa Sunda, UUBS dina pangajaran basa Sunda di SMP, hubungan basa di kulawarga jeung kamampuh ngalarapkeun UUBS siswa SMP Negeri 1 Katapang, sarta anggapan dasar jeung hipotésis.

Bab III medar ngeunaan métode panalungtikan anu ngawengku lokasi jeung subjék panalungtikan, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumen panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV mangrupa analisis pangaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa Sunda anu ngawengku analisis basa di kulawarga, analisis kamampuh ngalarapkeun UUBS, jeung analisis pangaruh basa di kulawarga kana kamampuh ngalarapkeun UUBS.

Bab V mangrupa bagéan panutup tina skripsi anu eusina medar ngeunaan kacindekan jeung saran hasil panalungtikan anu ngawengku saran pikeun guru basa Sunda di sakola sarta pikeun panalungtik satuluyna.